# “Гибрид почта” хызмети менен танысың

Image not found or type unknown

“Ўзбекистон почтаси” АЖ Қарақалпақстан филиалы тәрепинен “Гибрид почта” мәлимлеме коммуникация технологияларынан пайдаланған ҳалда хат хабарларды жеткерип бериў хызмети жолға қойылғанлығын мәлимлеймиз.

Бул хызмет түрине, Сиз интернет хызмети арқалы hybrid.pochta.uz сайтына кирип сайттағы қолланбадан пайдаланып дизимнен өтсеңиз болады ҳәмде қолланбадағы усы хызмет түринен пайдаланыў усыллары көрсетилген.

“Гибрид почта” хызметинен пайдаланып хат-хабарларыңыздың ҳақыйқый нусқасы қысқа ўақыт ишинде мәнзилге тез жетиўи тәмийинленеди, жумыс ўақтыңыз тежеледи ҳәмде хат-хабарыңыз ийесине жетип барғанлығы ҳаққында мағлыўматты алыўыңызға болады.

Бул хызмет түрин көрсетиўде филиалдың барлық почта байланыс тармақлары интернет хызмети, компьютер технологиялары, автотранспорт қураллары менен толық тәмийинленген.

“Ўзбекистон почтаси” АЖ Қарақалпақстан филиалының “Гибрид почта” мәлимлеме коммуникация технологияларынан пайдаланған ҳалда хат хабарларды жеткерип бериў хызметинен пайдаланыўды усыныс етемиз.

“Ўзбекистон почтаси” АЖ Қарақалпақстан филиалы администрациясы

Мүрәжат ушын телефонлар: (61) 222-96-61, (61) 222-78-94.